

GID PREPARASYON FANMI

Kisa Preparasyon Fanmi an ye?

- Preparasyon fanmi an se fè plan legal, finansye, ak swen davans. Nan fason sa a, si yon moun arete oswa depòte, pitit yo, moun yo renmen yo, ak zafè enpòtan yo pwoteje.



Poukisa li enpòtan

- San preparasyon, timoun yo ka separe ak paran yo, fanmi yo ka pa kapab jwenn aksè a ekonomi, oswa paran pwòch yo ka pèdi nan sistèm nan. Sitiyasyon sa yo ka souvan prevni.

Konnen dwa ou yo

- Konprann dwa ou yo ak kijan ak ki lè pou itilize yo ka epaye oumenm ak fanmi w anba detansyon. [Aprann plis isit la.](#)



[Gid Konnen
Dwa Ou](#)

Jwenn Kontak Ijans(yo)

- Kontak ijans ou a ta dwe yon adilt ou fè konfyans ke ou konnen ki pral aji byen vit epi responsab si yon bagay rive w. Li enpòtan pou konsidere sitiyasyon imigrasyon kontak ou a. Si yo menm tou nan risk pou detansyon, yo ka pa pi bon moun pou konte. Sonje byen, ou ka gen plis pase yon kontak ijans, sa ki ba ou fleksibilite ak pwoteksyon siplemantè nan ka yon moun pa disponib lè sa nesese. Asire w ke kontak ijans ou a kapab reponn telefòn nan byen vit. Yo ta dwe gen aksè a nimewo A ou, dat nesans ou, ak peyi orijin ou pou yo ka jwenn ou nan sistèm detansyon an. Men kèk egzanp responsablite komen yon kontak ijans:
 - Rasanble dokiman enpòtan ou yo.
 - Avèti manm fanmi ou yo.
 - Kontakte yon avoka imigrasyon epi soumèt dokiman pou defans ou.
 - Avèti anplwayè w.
 - Pran swen bèt kay ou yo ak nesese kay ou yo pandan absans ou.
 - Pran swen pitit ou yo.
 - Pran swen finans ou yo.



[Kisa yon
nimewo A
ye?](#)



Jwenn yon moun pou pran swen pitit ou yo

- Malerezman, operasyon ak arestasyon ICE yo souvan separe timoun yo ak paran yo. Nonmen yon moun pou pran swen pitit ou yo davans. Sa ka ede anpeche timoun yo separe ak fanmi yo pou yon bon bout tan. Youn nan fòm ki pi fasil ki pèmèt ou nonmen yon moun pou pran swen se Fòm Deziyasyon Paran an (OCFS-4940). Fòm sa a pèmèt yon moun ou chwazi pou okipe bezwen edikasyonèl ak medikal debaz yo, tankou pran yon timoun lekòl oswa mennen l nan yon randevou doktè. Paran yo kenbe tout dwa yo lè yo siyen fòm sa a.

Chèche Dosye w la

- Aprann kijan pou w chèche dosye w la nan sistèm tribinal la. Ale sou [acis.eoir.justice.gov](https://www.acis.eoir.justice.gov) oswa rele (800) 898-7180 epi bay nimewo A ou ak peyi orijin ou pou konfime pwochen dat tribinal ou a epi si yo te bay lòd pou yo retire w nan peyi a.



[Kisa yon Lòd
Ekspilasyon ye?](#)

GID PREPARASYON FANMI

Òganize Dokiman ou yo

- Fè plizyè kopi tout dokiman enpòtan ou yo. Kreye kopi dijital dokiman sa yo tou (ou ka pran foto dokiman enpòtan yo ak telefòn ou).
- Sere dokiman orijinal yo ak omwen yon kopi fizik nan yon kote ki an sekirite.
- Fè kopi dokiman timoun yo epi fè yo aksesib, pa egzanp, mete yo nan yon dosye nan sakado timoun nan.
- Si ou bezwen montre lapolis yon dokiman, evite remèt telefòn ou, sa ki ka gen plis enfòmasyon pèsònèl pase sa ou gen entansyon pataje.



Jwenn Dokiman Vwayaj nan Peyi Ou

- Si posib, mande yon paspò/dokiman vwayaj nan peyi w pou oumenm ak pitit ou yo pi vit posib. San yon dokiman vwayaj valab, pitit ou yo p ap ka vwayaje aletranje, epi ou ka bloke nan detansyon menm si ou vle kite Etazini. Pou aprann kijan pou jwenn yon paspò/dokiman vwayaj, ou ta dwe kontakte konsila peyi ou.

Pèmèt Aksè a Lajan

- Kenbe ekonomi ou nan yon kont labank olye pou w konte sou lajan kach. Nan detansyon, ou ka bezwen lajan pou fè yon apèl oswa achte pwodui premye nesite.
- Asire w ke kont labank ou lye ak yon kat debi pou oumenm - oswa yon moun ou fè konfyans - ka retire lajan byen vit si sa nesèsè, menm soti aletranje.
- Konfigire aksè bankè sou entènèt davans. Konsa, ou ka jwenn aksè nan lajan w a distans.
- Ou ta ka vle ajoute yon moun ou fè konfyans nan kont ou kòm yon detantè kont konjwen, pou fanmi ou ka jwenn aksè nan lajan an si ou pa kapab.
- Ekonomize lajan chak fwa sa posib — menm yon ti fon ijans ka fè yon gwo diferans.

Konsidere Prepare Fòm sa yo

- Enfòmasyon enpòtan sou ou
- Enfòmasyon enpòtan sou pitit ou
- Pèmasyon pou pran yon chèk peman
- Pèmasyon pou yon timoun vwayaje
- Titè legal rezèv
- Fòm deziyasyon paran
- Aplikasyon paspò ameriken pou timoun



Pou aprann plis sou fòm sa yo, gade [Gid nou an pou Fòm Preparasyon Fanmi yo](#).

Rapèl konsènan notarizasyon

- Gen kèk fòm ki mande notarizasyon. Nan Eta New York, frè notè yo limite a \$2 pou chak siyati. Fanmi yo ka jwenn sèvis notè nan bibliyotèk piblik, bank, kèk biwo UPS oswa FedEx, ak Walgreens. Nou ankouraje fanmi yo pou yo fè atansyon ak fwod: notè nan peyi Etazini yo pa avoka epi yo pa ka bay konsèy sou imigrasyon sof si yo se avoka ki gen lisans.